PUBLIC HEALTH FACT SHEET
Boston Public Health Commission
Communicable Disease Control Division
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
Phone: 617-534-5611 Fax: 617-534-5905

Raj

Ki sa la raj ye ?
Raj se yon maladi ke ou jwen nan zannimo ak moun'n. Raj kozé pa yon viris ki atake sèvo-w ak system nève ou. Dépi ou pran viris sa a, li simaye nan tout kò ou e li ka kozé lanmò ou si ou pa trete li vit. Vaksen ka anpeshe ou pran la raj. Tretman rapid ka evité mounn ki gen kontak ak zannimo ki gen viris raj la pou yo pa pran maladi raj la. Pou ou treté laraj sé pou ou pran 4 dòz vaksen anti raj lan ponyet ou, ak yon lot dòz ki relé imino globilen (Human Rabies Immune Globulin (HRIG)) lan koté bèt la te mòde-w ou grafonyen-w nan.

Koman raj pwopaje ?
Viris raj la ka simaye nan krashe yon zannimo ki gen raj, paske byen souvan yon zannimo ki gen viris raj la modé ou byen grafonyen yon moun ou byen lòt zannimo. Viris la ka antre lan kò-w tou, lè ou gen yon pati lan kò ou ki koupé ou di mwens ki gen maleng, ou byen li antre nan zye, nan nen-w, ou nan boush ou.

Ki zannimo ki ka pwopaje la raj ?
Raj pwopaje souvan pa zannimo sovaj. Lan Eta-Zini ak Kanada yo jwenn raj sou rakoun (raton laveurs)**,** skunk (moufettes)**,** rena (renards)**,** kayòt (cayottes)**,** mamòt (marmottes) ak shòv souri (chauve-souris)**.** Zannimo domestik kòm shen, shat, firèt (furets) ak zannimo ke moun gade gen raj tou**.** Se sak fè li inpotan pou vaksinen bèt domestik, ak bèt ké ou gadé**.** Zanimo domestik tankou shen ak shat ki ap viv lan la ri, ka pran viris la raj la nan men lot zannimo sovaj epi poté viris raj la lan kay ou.
Nenpòt zannimo ki gen plim sou yo epi kòw yo toujou sho ka gen raj. Bèt tankou Zwazo, pwason, koulèv, ak reptil pa ka gen raj. Malgre li posib pou bèt (ronjè yo) pran maladi an, men bèt tankou sourit, rat, ekirèy ak bèt nan menm fanmi an, yo preske pa jam'm gen raj.

Ki sa ké mwen ka fè pou evité la raj?

-Vaksinen bèt domestik yo! Zannimo tan kou shat, shen, ak firèt (furets) se pou nou fe veterinè vaksinen yo regilyèman. Kontwolé dat vaksinasyon yo.

-Pa bay zannimo sovaj manje ou eseye kenbé yo nan men-w. Di ti moun'n yo mem'm si ti bèt tan kou rakounn(raton laveurs) ak mouffette bèl e yo pa mechan fòk yo fè atansyon.

-Pinga ou bay zannimo ki lan la ri manje ; pa manyen yo, evite tout bèt ki malad, ou ki aji yon fason dwòl.

-kouvri fatra yo. Pa kité manje bèt nou deyò, pou zannimo sovaj pa vini la dan yo.

-Pa gadé zannimo sovaj kòm bèt domestik. An plis li sé yon danje ni pou ou ni pou bèt lan, E sé kont la lwa.

-Pinga ou toushe ou ranmase zannimo ki mouri.

-Pa janm toushé shov souri avèk men ou san pwoteksyon. Itilizé gan ki pwès, pens, ou pèl pou leve yon shov souri ki mouri, ou relé moun ki ekspè lan zafè ranmase shov souri ki mouri. Pa kraze shov souri ak rakèt tenis ou lòt bagay.

-Pa kité zannimo domestik ou jwe ak shov souri.

-Kité shov souri deyò kay nou ak tout lòt lokal, fèmen ou kouvri atik yo, ou tout lòt koté ki fè nwa . Meté til lan fenèt yo.

Ki sa ké mwen dwe fè si bèt domestik mwen, ou mwen menm gen kontak ak zannimo ki ka gen raj?

Si yon bèt modé-w, grafonyen-w, ou di mwens ou te gen kontak ak saliv zannimo :

- Lavé maleng lan tou swit aprè, ak savon ak dlo pandan 10 minit.
- Relé doktè ki kon pran swen-w, ou BPHC Communicable Disease Control lan 617-534-5611
- Bay esplikasyon sou zannimo ki modé-w , ou grafonyen-w.
- Lan Boston, relé Animal Control lan 617-635-5348 pou asistans.Bay esplikasyon sou

Zannimo ki modé-w, ou grafonyen-w, yo ka Oblijé fè tès pou tieke si bèt la gen raj ou izolé bèt la. Si yon bèt modé zannimo domestik ou, ou grafonyen-l, ou di mwens gen kontak ak saliv lòt zannimo :

- Sheshe konnen ki kalité zannimo ki mode, ou grafonyen bèt ou. Pa toushé zannimo ki atake-l.
- Itilizé gan ou di mwens konbèlann pou lavé maleng bèt la. Pa toushé bèt la avèk men ou san gan.
- Gendwa reté rès saliv zannimo ki gen raj la sou bèt ou, menm loské ou pa wè mak kout dan ou maleng.
- Relé veterinè ou.
- Relé BPHC Communicable Disease Control pou shèshe konen kijan pou pwotejé tèt ou.

Pou plis enfòmasyon rele Boston Public Health Commission's Communicable Disease Control Division 617-534-5611